Rebuilding Together Miami-Dade

Rebuilding Together Miami-Dade
3628 Grand Ave.
Miami, FL, 33133
Biwo: 305.200.5711

Mèsi pou enterè ou nan pwogram reparasyon nou yo. Paske gen anpil moun ki aplike, tanpri konnen nou gen yon lis datant ki long anpil. **Lè w kalifye nan pwogram nan, sa pa garanti n ap fè travay la. Se sèlman kay pou yon sèl fanmi (single family) - pa gen kondo, townhouse, apatman, elatriye.**

APLIKASYON POU PWOPRIYETÈ KAY

Non konplè pwopriyetè kay la (yo):		
	Laj:	Dat nesans:
	Laj:	Dat nesans:
	Laj:	Dat nesans:
Adrès:	Vil:	Zip:
Telefòn kay:	Selilè:	
Adrès imèl:		
Kontak an ka ijans:	Relasyon ak pwopriyetè a:	Tel:
Andikap – Fè lis tout andikap pou chak moun nan kay la ki gen andikap:		
Fè lis **TOUT** moun ki rete nan kay la, timoun yo AK ou menm tou:		

Non:	Relasyon:	Dat nesans:	Laj:	Sèks:	Andikape?
					☐ Wi ☐ Non
					☐ Wi ☐ Non
					☐ Wi ☐ Non
					☐ Wi ☐ Non
					☐ Wi ☐ Non
					☐ Wi ☐ Non

AVI ENPÒTAN

Pèsonn nan anplwaye nou yo pa pale kreyòl. Tanpri, asire w ou gen yon moun disponib ki ka tradui anglè pou ou, pou nou ka kominike avè w.

ESTATI VETERAN

Èske ou oswa yon moun ki rete lakay ou se Veteran Ameriken? ☐ Wi ☐ Non	
Èske ou se vèv oswa vèf yon Veteran Ameriken? ☐ Wi ☐ Non	
Si wi, nan ki branch militè?	Grad:
Toujou aktif nan lame a: ☐ Wi ☐ Non	Te blese pandan sèvis militè a? ☐ Wi ☐ Non

ENFÒMASYON SOU KAY LA

Pou nou apwouve aplikasyon an, fòk gen moun k ap viv nan kay la kounye a, e kay la dwe an bon kondisyon pou moun viv ladan l. Nou p ap apwouve aplikasyon pou kay ki abandone oswa ki kraze anndan nèt.

Kantite chanm:	Kantite saldeben:	Ane kay la bati:	Ane ou vin rete la **(Fòk ou gen omwen 2 an ladan l):**

Taks pwopriyete ajou? ☐ Wi ☐ Non **Obligatwa pou w kalifye pou sèvis nou yo

Èske gen ipotèk sou kay la toujou? ☐ Wi ☐ Non

Ou gen plis pase yon pwopriyete? ☐ Wi ☐ Non **Fòk ou gen yon sèl pwopriyete pou w kalifye

Èske ou te pran yon ipotèk envès (reverse mortgage)? ☐ Wi ☐ Non ** Nou pa ka travay sou kay ki gen ipotèk envès

Èske ou gen asirans pou kay la? ☐ Wi ☐ Non Si non, poukisa? ☐ twò chè ☐ kay la pa ka asire ☐ lòt: _____

Kalite konstriksyon: ☐ Bwa ☐ Blòk siman ☐ Lòt:

Ekstansyon? ☐ Wi ☐ Non

Ki reparasyon ou bezwen? **Si w make yon bwat, sa pa garanti n ap fè travay la.**

- ☐ Reparasyon mi oswa plafon
- ☐ Reparasyon pòt oswa fenèt
- ☐ Reparasyon HVAC (AC)
- ☐ Reparasyon planche
- ☐ Reparasyon plonbri
- ☐ Penti anndan kay
- ☐ Penti deyò kay
- ☐ Retire debri
- ☐ Kwizin
- ☐ Saldeben
- ☐ Reparasyon/ Ranplasman do kay
- ☐ Tèmit/ Kontwòl ensèk
- ☐ Balistrad oswa ba pou kenbe
- ☐ Ranp ADA (pou chèz woulant)
- ☐ Elektrisite
- ☐ Lòt:

Si wi, ki kalite ekstansyon?

Ki ane yo te fè ekstansyon an (yo)?

Èske ekstansyon an (yo) te bezwen pèmi?
☐ Wi ☐ Non

Èske ou gen dokiman pou ekstansyon an (yo)?
☐ Wi ☐ Non

VERIFIKASYON REVNI

*Tanpri bay lis **TOUT** sous revni, ni sa ki taksab ni sa ki pa taksab, pou **TOUT** moun ki sou papye kay la (deed) **E** ki rete nan kay la. Enfòmasyon sa yo ap rete konfidansyèl nan Rebuilding Together Miami-Dade.*
Pou w kalifye, revni fwaye w la dwe pi ba pase limit 80% AMI aktyèl Konte Miami-Dade.

Revni total fwaye a pou yon ane: $_____

Lòt manm fwaye a – Tcheke **TOUT** sa ki aplike:

Sous revni	Total pa mwa	Revni kiyès? (Non)
☐ Salè	$_____	_____
☐ Sekirite Sosyal	$_____	_____
☐ Pansyon	$_____	_____
☐ Benefis andikap	$_____	_____
☐ Benefis VA	$_____	_____
☐ Pansyon alimantè/Sipò timoun	$_____	_____
☐ Èd gouvènman	$_____	_____
☐ Lòt:	$_____	_____

ENFÒMASYON ANPLIS - OPSYONÈL

Ki lang prensipal ou?	Ki ras fwaye w la?	Ki etnisite fwaye w la?	
☐ Angle ☐ Panyòl ☐ Kreyòl ☐ Lòt:	☐ Nwa oswa Afriken Ameriken ☐ Blan ☐ Endyen Ameriken oswa Natif Alaska ☐ Miltirasyal	☐ Pa Ispanik ☐ Laten - Ispanik ☐ Laten - pa Ispanik	

Biyografi:

*Tanpri pale nou yon ti kras plis sou ou menm: kote ou fèt, edikasyon, travay ou te konn fè, timoun, enfòmasyon sou maryaj, patisipasyon nan kominote a, sa ou renmen fè nan tan lib ou, bèt kay, kisa **lakay** vle di pou ou?*

_____

_____

_____

_____

_____

OTORIZASYON AK VERIFIKASYON

Lè m siyen dokiman sa a, mwen garanti ke mwen kalifye pou m resevwa asistans, e ke mwen aksepte epi dakò ak kondisyon ki ekri anba a yo:

- Mwen se pwopriyetè kay ki nan adrès ki anlè a, e se nan kay sa a mwen rete tout tan.
- **Kounye a, mwen pa gen okenn entansyon pou m demenaje oswa pou m mete kay mwen an an vant pandan senk (5) pwochen ane yo. Mwen konprann ke si m ta vann kay mwen an nan senk ane ki vin apre travay Rebuilding Together Miami fè a, se mwen ki pral responsab pou m peye Rebuilding Together Miami-Dade pou sa reparasyon yo te koute.**
- Rebuilding Together Miami-Dade se yon òganizasyon san bi likratif (nonprofit) ki jwenn tout lajan li nan sibvansyon (grants), sponsò konpayi ak don moun bay. Se poutèt sa, mwen konprann ke si yo chwazi kay mwen an, RTMD ka pa rive fè tout reparasyon ki nesesè yo, men l ap bay priyorite ak renovasyon ki fè kay mwen an pi bon pou lasante, pi an sekirite e pi aksesib.
- Mwen konprann e mwen dakò ke, si yo chwazi aplikasyon mwen an, se volontè ki ka fè travay sou kay mwen an, e se responsablite pa m pou m mete tout bagay ki gen valè nan kay la an sekirite.
- Mwen konprann ke yo chwazi aplikasyon yo selon kantite lajan ak mendèv ki disponib, e ke m ka gen pou m tann lontan anvan m resevwa sèvis nan men Rebuilding Together Miami-Dade.
- Mwen konprann ke Rebuilding Together Miami-Dade fonksyone ak don charitab ak sibvansyon pou ede pwopriyetè kay ki vilnerab ak fanmi yo, ki pa gen okenn lòt mwayen pou peye reparasyon kay yo. Kidonk, mwen konfime ke pa gen okenn lòt resous finansye ki disponib pou mwen oswa pou manm fwaye mwen an ki ta ka sèvi pou peye reparasyon sa yo.
- Mwen konprann ke yo pral fè yon verifikasyon dosye (background check) sou tout moun ki rete nan kay la. Rebuilding Together pa ka apwouve aplikasyon kote gen moun ki rete nan kay la ki te kondane pou krim grav vyolan (felony) oswa pou krim seksyèl.
- Lè m siyen, mwen rekonèt ke tout enfòmasyon mwen bay yo vre e kòrèk, dapre sa m konnen. Mwen konnen ke si m fè espre bay nenpòt fo deklarasyon nan aplikasyon sa a oswa nan nenpòt lòt dokiman m bay apre pou pwouve m kalifye pou pwogram nan, yo ka pini m ak amann e m ka sibi penalite ak sanksyon sivil ak/oswa administratif. Si yo oblije kanpe travay la akoz fo enfòmasyon, m ka responsab pou m remèt Rebuilding Together Miami-Dade Inc. lajan pou tout travay yo te fè.
- Mwen menm, moun ki siyen anba a, sètifye, sou pèn diskalifikasyon, ke enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a vre e kòrèk.

Siyati pwopriyetè a (yo): _____

Ekri non pwopriyetè a (yo): _____

Dat: _____

DOKIMAN OBLIGATWA

Dokiman obligatwa pou **TOUT** manm fwaye a:

Si ou pa bay TOUT dokiman obligatwa yo pou TOUT manm fwaye a, epi si ou pa ranpli & siyen aplikasyon sa a, y ap diskalifye demann ou pou sèvis yo.

☐ **Pyès idantite ak foto** pou tout moun ki rete nan kay la ki gen plis pase 14 an (Lisans pou kondui valid, Kat ID valid, Kat lekòl oswa Paspò)

☐ Si gen yon timoun ki gen mwens pase 14 an nan kay la, tanpri bay batistè li (sètifika nesans).

☐ Bòdwo sèvis piblik - elektrisite **ak** dlo/egou.

☐ Dokiman ki montre peman ipotèk yo ajou, **oswa** ipotèk la fin peye nèt.

☐ Prèv revni **pou tout moun ki sou papye kay la epi ki rete nan kay la ki gen plis pase 18 an.** Voye tout sa ki aplike pou kay ou:

- ☐ Dènye deklarasyon taks ou (tax return) – **OBLIGATWA POU TOUT APLIKAN**
- ☐ Lèt Sekirite Sosyal
- ☐ Relve pansyon
- ☐ Benefis andikap
- ☐ Benefis VA
- ☐ Pansyon alimantè/Sipò timoun
- ☐ Èd gouvènman (benefis SNAP, benefis WIC)

Prèv revni nou **PA AKSEPTE**:

- ☐ Souch chèk/lèt salè
- ☐ Lèt notarye ki di ou pa gen revni
- ☐ Relve bank

☐ Veteran Etazini, Rezèv Etazini, Gad Nasyonal, Rezèv Gad Kòt yo dwe bay yon kopi DD-214 la (sètifika liberasyon) oswa kat idantite militè yo jiskaske yo jwenn DD-214 la.

Voye tout enfòmasyon yo pa lapòs oswa pa imèl bay:

Atansyon: Depatman Pwogram
3628 Grand Ave.
Miami FL, 33133

Imèl: info@rtmiami.org